Coronavirus CivActs Campaign presents

# FAIR FACTS

CIVIC ACTION TEAMS

अंक
**११९**

१।०५।२०७८




## सिन्धुपाल्चोकके इन्द्रावती नदीमे आएल बाढी सँ पूल संगे सड्क सेहो बहा देलाके बाद बिमारीके स्ट्रेचरपर राखिक अस्पताल लक जाईत।

*तस्विर: केशवराज पैडेल*




अफगानिस्तानमे रहल नेपालीके उद्धार करके लेल नेपाल सरकार"विवरण संकलन फारम" जारी केने छै । तै के लेल निचा देलगेल कडीमे जाक विवरण भर परतै ।

*थप विवरणहरुको लागि यहाँ क्लिक गर्नुहोस्*

## अई अंक भित्तर

**कोभिड - १९ विरुद्धके खोपके सन्दर्भमे सार्क राष्ट्रके अवस्था: के आगु, के पाछु?**

१४ अगाष्त, २०२१ तक सब सँ आगु भुटान आ सब सँ पाछु बंगलादेश देखाईत छै ।

---

**लाईन लाग सँ बेसी अनलाईनमे क्यूआर कोड प्राप्त केनाई कठिन छै ।**

कोनो समस्या भेलापर बरिष्ठ जनस्वास्थ्य अधिकृत दिपक झा के ९८४३२८४३५२ मे फोन कर सकै छी ।

---

**सरकार स्वास्थ्यकर्मीएके स्वास्थ्य बीमा नै करै छै**

स्वास्थ्यर्मीके भेटवला तलब भत्ताके बात त दुरे राखु, अखनतक किन्हको भी स्वास्थ्य बीमा नै कएलगेल छै ।

# फयाकट सिट

## कोभिड - १९ विरुद्धके खोपके सन्दर्भमे सार्क राष्ट्के अवस्था: के आगु, के पाछु?



### नेपाल

पूर्ण रुपमे खोप लगेने: **११.३४%**

आंशिक रुपमे खोप लगेने : **४.७०%**

### पाकिस्तान

पूर्ण रुपमे खोप लगेने: **५.४१%**

आंशिक रुपमे खोप लगेने : **९.९४%**

स्रोत : https://ourworldindata.org/covid-vaccinations#

*ई आँकडा १४ अगष्त, २०२१ तकके छै ।*

### भुटान

पूर्ण रुपमे खोप लागेन: **६१.६५%**

आंशिक रुपमे खोप लगेने : **७.६२%**

### माल्दिभ्स

पूर्ण रुपमे खोप लगेने: **५४.१९%**

आंशिक रुपमे खोप लगेने : **८.९०%**

### श्रीलंका

पूर्ण रुपमे खोप लगेने: **१७.६३%**

आंशिक रुपमे खोप लगेने : **३६.२३%**

### भारत

पूर्ण रुपमे खोप लगेने: **८.७९%**

आंशिक रुपमे खोप लगेने : **२१.८३%**

### बंगालादेश

पूर्ण रुपमे खोप लगेने: **३.१७%**

आंशिक रुपमे खोप लगेने : **६.१९%**

अफगानिस्तानके सन्दर्भमे पूर्ण रुपमे खोप लगेने आ आंशिक रुपमे खोप लगेने पूर्ण विवरण उल्लेख नै कएलगेल छै । लेकिन, विश्व स्वास्थ्य संगठनके अनुसार १० अगष्त, २०२१ तक १८,०९,५१७ कोई कोभिड - १९ विरुद्धके खोप प्राप्त केने छै ।

# हल्ला आ तथ्य

दक्षिण कोरिया जायवला श्रमिकके  सरकार खोप देव कहने छै । कि खाड़ी देशसभमे जायवला श्रमिकके उमेर समुहके पालोके प्रतिक्षा कर परतै ?

तेना नै छै । आरो देशमे वैदेशिक रोजगारीमे जायवला श्रमिकके हकमे, गन्तव्य राष्ट्रमे मान्यता प्राप्त खोप उपलब्ध भेलापर भिषा आ हवाई ठिकटके आधारमे खोप देबके निर्णय अई सँ पहिलेही सरकार क चुकल छै । कोरिया जायवला श्रमिकके हकमे नेपाल प्रहरी अस्पताल, महाराजगञ्ज आ सैनिक अस्पताल छाउनीमे जोन्सन एण्ड जोन्सन खोप देवके व्यवस्था मिलाओल गेल छै ।

Source:  https://cutt.ly/MQH6z9V

लाईन लाग सँ बेसी अनलाईनमे क्यूआर कोड प्राप्त केनाई कठिन छै । हमरा अनलाईन फारम भरला दू दिन भगेल छै लेकिन तैयो नै भेटल अछि त ?

फारम भरलाके ५ दिन भितर क्युआर कोड पाएब से स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय जनौलक अछि । https://vaccine.mohp.gov.np/-public-request-form मे जाळक अपन दर्ता नम्बर आ जन्म मिति राखिक प्रमाणपत्रके अवस्था बुझ सकैछी । पूर्ण विवरण सहित फारम भरलापर अनलाईन प्रणाली स स्वत: पुष्टि होईछै आ पालो एलापर प्रमाणपत्र अपने तैयार हेते आ अपने डाउनलोड कर सकैछी । अई सम्बन्धमे कोनो समस्या भेलापर बरिष्ठ जनस्वास्थ्य अधिकृत दिपक झा के ९८४३२८४३५२ मे फोन कर सकै छी ।

Source: https://www.moha.gov.np/post/press-release-2056

पहिल मात्रा खोप लगेलाके ५ महिनाके बाद दोसर मात्रा खोप लगेलापर खोप किछ असर नै करतै कहैत छै त ?

नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयके अनुसार, पहिल मात्रा खोप लगेलाके बहुते समयके अन्तरालमे दोसर मात्रा खोप लगेलापर सेहो प्रभावकारी हेतै से कहलगेल छै । शुरुमे पहिल मात्रा खोप लगेलाके ४ सप्ताहके अन्तरालमे दोसर मात्रा खोप लगाब परत कहल गेल छलै । लेकिन, किछ अध्ययनसभ सँ पहिल मात्रा खोप लगेलाके १२ सप्ताह के बाद दोसर मात्रा खोप लगेला सँ आरो प्रभावकारी हेतै से कहल गेल छै । तसर्थ, निश्चित  तथ्य पता लगाब आरो अनुसन्धानसभ भळरहल छै ।

Source: https://cutt.ly/mQJQNo9

# कोभिड - १९ खोपको ताजा अद्यावधिक

अहिलेसम्म प्राप्त जम्मा खोपको मात्रा **१,०५,२६,२७०**




१८ वर्ष उमेर समुह उपरको जम्मा जनसंख्या

*(खोपको लागि योग्य जनसंख्या)*

**२,०२,९१,२५४**

अघिल्लो सप्ताह सँ ४% सँ बृद्धी

१८ वर्ष उमेर समुह सँ उपरको पूर्ण खोप प्राप्त जनसंख्या प्रतिशतमा

**१६.५७%**

१८ वर्ष उमेर समुहसँ उपरको जम्मा जनसंख्याको लागि आवश्यक जम्मा खोपको मात्रा

**३,७५,१२,८०८**

## खोपसँ सम्बन्धित घटनाहरू

COCAP

खोप केन्द्रहरूमा हुलदंगा

खोपको प्राथमिकताको उल्लंघन

खोप केन्द्रहरूमा कर्मचारीको कहिलेकाँही दुर्व्यवहार

चिनजानको आदमीको खोप दिने

# श्रमिक संगी

Shramik Sanjal

## वैदेशिक रोजगारीमे यूएईमे भळक अखन छुट्टीमे रहल आ रोजगारीमे यूएई फिर्ता जायचाहवला आदमीके यूएई निचादेलगेल शर्तमे प्रवेश अनुमती देत :



• यूएईमे खोपके दूनु मात्रा लगेने होब परत (जे अल होसन मोवाईल एप्लिकेसनमे देखाइत छै ) ।

• दुबई आ आरो ईमिरेट्सके भिषा होववलासभके पहिले अनुमति लेब परत ।

• दुबईके भिषा होबवलाके पुरा फारम भैरक अनुमति लेब परत त, आरो ईमिरेट्सके भिषा होबवलासभके ईमिरेट्स परिचयपत्र आ पासपोर्ट नं. रखलाके बाद यात्रा स्वीकृत भेलापर हरियर आ अनुमति स्वीकृत नै भेलापर लाल अवस्था देखाएत ।

• लाल अवस्था देखेलापर यात्रा करके लेल हरियर अवस्था आबतक प्रतिक्षा कर परत त, हरियर अवस्था आबिगेलाके बाद, अराईभल नामके एकटा दोसर फारम भर परत ।

• अराईभलसँ एकटा ईमेल आएत । जै मे बारकोड सहितके अनुमति रहैछै । तैके बाद यात्राके लेल तैयारी कर सकैछी ।

• टिकट लेलाके बाद ४८ घण्टा नै कटे तेनाक पिसिआर परिक्षणके निगेटिभ रिपोर्ट लेब परत ।

• साथे, नेपालके विमानस्थलमे सेहो र्‍यापिड टेस्ट कर परैछै ।

## उपयोगी कडीसभ:

• दुबईके भिषा भेलसभके फारम भैरके अनुमति लेबके लेल प्रयोग करवला फारम: bit.ly/2VEIYy8

• आरो ईमिरेट्सके भिषा भेलसभके अपन अवस्था देखके लेल: bit.ly/2Vvbi6b

• अपन अवस्था हरियर भेलापर आब भर परवला फारम bit.ly/37iF8gt




www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी।

# खिस्सा किनाराके

## सरकार स्वास्थ्यकर्मीएके स्वास्थ्य बीमा नै करैछ

गौरिफन्टा कैलाली आ कञ्चनपुर दूटा जिलाके छुववला भारतिय सीमानाका छै । सामान्य अवस्थामे सेहो अई नाकामे रोजगारीके लेल भारत जायवला आ भारत सँ रोजगारी कलक नेपाल आबवला नेपालीके भीड देख सकैछी । कोरोना महामारी शुरु भेला संगे ई नाका देशव्यापी रुपमे चर्चित भगेलै । कारण, सरकारके कोनो तैयारी नै भेला सँ बहुते नेपाली अहि नाकामे असुरक्षित तरिका सँ बन्दी जेना बनल । बादमे सरकार परिक्षणके लेल स्वास्थ्य डेस्क स्थापना केलाके बाद अवस्था किछ सहज भेलै । तहिया सँ अखन तक सीमा नाकामे खटवला एककोई स्वास्थ्यकर्मी छैथ, अहेब, गणेश बहादुर साउँद ।

हुनका ओत काम कर लगला लगभग डेढ साल होब लगलै । ओई नाकासँ दैनिक ४ सँ पाँच हजार नेपाली भारत सँ घर फिर्ता अबै छलै । भोर सँ ललक राती तक आदमीसभके फिर्ता आबके क्रम जारी रहै छलै । फिर्ता आबवलाके संख्या हजारोमे छलै त, स्वास्थ्य डेस्कमे काम करवला साउँद सहित चारिकोई कर्मचारि मात्रे छलै । एकदिस चैत बैशाखके गर्मीमे प्लाष्टिक लपेटक बनाएलगेल झोपडीमे चौबिसो घण्टा पिपिई पहिरक काम करके बाध्यता छलै त, दोसर दिस हाबा विहाईर एलापर झोपडी उडाक लल जाईछलै । तै परसँ सबके घर जायके जल्दी । धिरे धिरे कर्मचारी सभसेहो बढिक आठकोई भेल । आठकोई कर्मचारी मात्रे सँ दैनिक पाँच सयकोई सँ बेसीके परिक्षण करैत छलै । हुनकासभके पानी पिबके आ श्वास फेरके सेहो फुर्सद नै होई छलै ।

> **कहियो काल संगे आएल मे सँ एककोईके रिपोर्ट पोजेटिभ आ दोसरके रिपोर्ट नेगेटिभ एलापर, "हमरा सँगे आएल साथीके रिपोर्ट नेगेटिभ एलै, हम केना पोजेटिभ आयल ?" कहिक पथ्थरवाजी सेहो करैत छलै ।**




एक दिस सयकडौकोई संगे सम्पर्कमे एला सँ अपना सेहो संक्रमण होबके डर, दोसर दिस कखन के आबिक पथ्थरवाजी कर लागत से डरके बीच सेहो साउँदके समुह विचलित भेने विना जिम्मेबारी पुरा करलक ।

कहियोकाल घर गेलापर सेहो अपने परिवारके सदस्यसँ "आब कोरोना लगाब बाहर कतौ नै जाय परलै" जेहन बातसभ सेहो सुन परल । हुनकर कहलबातके मानबै त, एना खटिक काम करवला कर्मचारीके सरकार खासे वास्ता नै केलकै । स्वास्थ्यकर्मीके भेटवला तलब भत्ताके बात त दुर, अखनतक किन्हको भी स्वास्थ्य बीमा नै कएलगेल छै । कि दोसरके जान बचावके लेल अपन जानके बाजी लगाबवला राष्ट् सेवकके सरकार नजरअन्दाज केन्हे छै त ?

# भोइसेस आउट लाउड - हमर बात



आरो महामारीके बारेमे किछ जानकारी होईतो कोभिड - १९ महामारी हमरासभके लेल नयाँ छलै । एकदिस स्थानीय वासिन्दामे पुरातन सोच हावी छलै । सम्भावित संक्रमितके नमुना संकलन कर चाहलापर, हमरासभके किछ नै हेतै, भगवान बचाओत से छलै । दोसर दिस हमरासभलग सुरक्षा उपकरण नै छलै । युट्युव देखक ग्रिन हाउसके पाल काटिक पिपिई बनेलौ । तहिना कलक, प्लास्टिकके बुखार केन्द्र बनेलौ । जनचेतनाके बढावा देलौ । धिरे धिरे स्थानीयसभ मास्क पहिर लागल । लक्षण देखेलापर परीक्षण कराब आब लागल आ अवस्था सेहो सामान्य होईत गेलै । समग्रमे ई परिस्थितिमे हमरा एकटा, दोसर महामारीसँ केना लडब से सिखेलक ।

## कृष्ण बहादुर सिंह

स्वास्थ्य सहायक,
सामुदायिक अस्पताल, महावै, कालिकोट



## दिपेश घिमिरे

मेडिकल ल्याबरोटरी टेक्नोलोजिस्ट,
काभ्रे

हमरा याद अछि २०७६ साल चैत्र ३० गते हमसभ वैदेशिक रोजगारी सँ फिर्ता आएल आदमीसभके पहिल वेर कोरोना परिक्षण केने छलौ । तहिया सँ आईतक उजर पहिरन पिपिई सेट ई शरीरके नै छोड्ने छै । अपनाआपके संक्रमण नै होई कहिक एकबेर उपयोग केने पिपिई सेट नष्ट करैत छलौ । कोभिशिल्डके दुनु मात्रा खोप लगेलाके कारण सेहो हमर आत्मवल बढल छलै आ विश्वस्त सेहो छलौ कि, आब संक्रमित होबके सम्भावना नै छै । लेकिन, जखन कोभिड-१९ सँ मिलल जुलल लक्षण देखाय लागल आ हम अपनाआपके परिक्षण करेलापर संक्रमण पुष्टि भेलै । बहुते दिक्कत भेल । खोप लगेलाके बाद सेहो सुरक्षित होब त मापदण्ड त अपनाबहे परैत छै ।

# FAIR FACTS

is a product of:

CIVIC ACTION TEAMS

**फेयर फ्याक्ट्स** एकटा खुला अभियान छै, जै सँ नागरिक, नेतृत्वकर्ता आ बहुतोरास निकायके एक सुत्रमे जोडैत अछि । साथसाथे, अई सँ कोभिड - १९ सम्बन्धी गलत सूचना आ हल्लासँ निमन्त्रीत करवला समस्याके तथ्यपर आधारित जानकारीके माध्यमसँ समाधान करैत छै । कोरोना भाईरस सँ आमन्त्रीत अखनके अवस्थामे सेहो स्वास्थ्य सेवा, जीविकोपार्जन आ सामाजिक सुरक्षा सम्बन्धी विषयमे जल्दी आ विश्वसनिय सूचनाके जरुरतके जोड् दैत छै । तै सँ सेहो हमसभ स्पष्ट तथ्यके माध्यम सँ परिवर्तनके संबाहक अभियन्ताके एकटा मजबुत संजाल बनाक महामारीके समयमे नै सुनल खिस्सा आ आवाजसभके शक्तिके निष्पक्ष आ न्यायोचित प्रतिकार्यमे उपयोग कर सहयोग करैत छी।

कोभिड - १९ मात्रे स्वास्थ्यसँ सम्बन्धित संकटमात्रे नै छै, अई सँ शासन प्रणालीके जवाफदेहिता आ निष्ठाके सेहो प्रभावित करैत छै । तै सँ कोरोना भाईरसके हराबके लेल हमसभ तथ्यके खोजी करैत छी, जरुरी जानकारी प्रसार करै छी आ अईके लेल बृहत संजाल बनाबैत छी ।



Brought to you by:

accountabilitylab communities

***DISCLAIMER***

*अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।*

***REACH OUT TO US ON***


@CivicActionTeams

@civacts

@CivActs

Civic Action Teams

/accountability_lab

Email: civactsnp@accountabilitylab.org

Phone: 9851203219